

centerforconstitutionalrights

666 broadway new york, ny 10012
t 212 614 6464 f 212 614 6499 www.ccr-ny.org

12 fevriye 2010

INDIKASYON AK YON LÈT ENFÒMASYON POU AYISYEN KI DETNI POU REZON IMIGRASYON SOU JAN POU OU DEPOZE PWÒP PAPYE OU POU MANDE YON JIJ LIBERE OU

Mesye/Madam Detni:

Eske ou se ayisyen? Eske otorite imigrasyon kenben ou nan prizon? Si repons kesyon sa yo se wi, dokiman enfòmasyon sa a adresel a oumenm. La lwa baw yon seri dwa. Dokiman enfòmasyon sa a fèt pou ede moun konnen dwa yo. Yon fwa ou vin konnen dwa ou, enfòmasyon sa yo ap pèmèt ou deside si se pou ou depoze yon demand bò kote tribinal nivo federal la pou liberasyon ou.

Akoz de tranblemandtè an ki frape peyi Dayiti le 12 janvyè 2010, pa gen anpil chans pou otorite imigrasyon Lezetazini depòte moun pou retounen yo Ayiti nan moman an. Enfòmasyon sa a eksplike kijan pou ou depoze pwòp dokiman ou nan tribinal federal pou mande liberasyon ou. Indikasyon sa yo ap ede ou depoze papye ki pral pèmèt ou mande yon jij pou li libere u.

Papye sa yo eksplike jan la lwa baw dwa pou ou fè yon petisyon pou habeas corpus e kijan pou ou fè demand sa a. Si ou kapab jwenn yon avoka pou ede ou, pito ou fè sa. Si ou pa kapab jwenn yon avoka, ou gen dwa pou ou prepare e depoze pwòp dosye ou nan tribinal e aji kòm pwòp avoka paw. Epi lè sa a ou kapab mande nan tribinal pou yo libere ou.

1. Kisa yo rele yon “Petisyon pou Habeas Corpus”?

Nan yon petisyon pou habeas corpus, yon moun di jij la gouvènman an detni jan la lwa pa pèmèt sa fèt, e li mande tribinal la yon soulajman de detansyon ilegal sa a.

Tout moun ki detni nan yon prizon Ozetazini gen dwa depoze yon petisyon pou habeas corpus pou detansyon ilegal, kelkeswa estati imigrasyon moun lan.

Pafwa, si se sèvis pou fè respekte lwa imigrasyon e la dwann (Immigration Customs Enforcement – ICE) ki fè detni yon moun, moun sa a kapab depoze yon petisyon habeas e si yo aksepte petisyon an, sa fè libere moun lan jouktan otorite imigrasyon Lezetazini kapab pran dispozisyon pou depòte moun sa a. Gen lòt sityasyon tou kote yon petisyon habeas kapab di gouvènman an pran dispozisyon pou fè yon lòt kalite etid sou ka detansyon an oubyen yon odyans kote yo diskite sou libète kondisyonèl.

Petisyon *pro se* (sa vle di yon petisyon ou fè oumenm bò kote tribinal lan) eksplike ke Depatman sekirite enteryè an (Department of Homeland Security – DHS) pa gen dwa depòte ou tounen ann ayiti nan yon avni ki pa lwen, donk se pou yo libere ou.



2. Poukisa pou ou mande yon revizyon ka detansyon ou an?

ANVAN ou depoze yon petisyon pou soulajman habeas corpus, se pou ou mande yo revize ka detansyon ou an.

Kisa sa ye? Sèvis imigrasyon ak dwann genyen yon pwosedi pou revize ka detansyon lè detni yo deja resevwa lòd pou yo depòte yo, e ki detni depi plis pase twa (3) mwa. Pwosedi sa a rele yon “revizyon ka detansyon” e detni ki nan sityasyon sa yo kapab mande alekri youn nan revizyon sa yo.

Nou mete nan anvlòp dokiman sa a yon lèt ki rele “**DEMAND POU LIBERASYON SWIVAN AFÈ ZADVYDAS V. DAVIS**” ke ou kapab ranpli e remèt pou mande bò kote Direktè Biwo Lokal ICE an yon revizyon ka detansyon ou an. (*Zadvydas* se yon desizyon enpòtan yon jij te pase nan youn nan odyans sa yo). Si ou remèt demand lan, se pou nòmalman ou resevwa yon repons nan di (10) jou pou kòmanse pwosesis revizyon ka detansyon an.

Yo kapab libere ou apre ICE revize ka ou an, byenke ICE kapab mete restriksyon sou liberasyon ou oubyen li kapab mande ou pase fè yon akt prezans nan biwo yo regilyèman.

Si ou pako mande oubyen resevwa yon revizyon ka detansyon ou pandan ou detni, se pou ou mande youn anvan ou fè yon petisyon pou habeas corpus.

Si nan di (10) jou sa yo ou pa resevwa yon repons apre ou remèt demand pou yon revizyon ka detansyon ou an, lè sa a ou kapab depoze yon petisyon pou habeas corpus. [Men si efektivman ou resevwa yon repons sou yon demand pou ICE fè yon revizyon ka detansyon ou an, se pou ou bife paragaf #58 sou paj 21 klèman pou yo byen wè ou bife li].

3. Kiyès ki kapab fè yon petisyon pou habeas corpus?

Nenpòt moun ki an detansyon depi plis pase si (6) mwa APRE yon denye lòd depòtasyon fin soti, kapab fè yon petisyon pou habeas corpus. (Se yon jij oubyen Konsèy pou fè Apèl nan ka Imigrasyon [Board of Immigration Appeals] ki voye yon lòd final pou depòtasyon e sa vle di ou pap fè apèl nan ka ou an). Peryòd detansyon 180 jou sa a, se nan afè *Zadvydas v. Davis*, 533 U.S. 678 (2001) li vin etabli. Men pafwa, lè ou fè yon petisyon habeas corpus, sa vin fè pwosesis depòtasyon an ale pi vit. Men tou pafwa, lè moun fè yon petisyon habeas corpus, sa kapab fè ICE vin libere yo, anba kondisyon sipèvizyon, pou evite petisyon yo an rive jouk nan yon pwosè devan tribinal.

4. Ki kote pou mwen depoze Petisyon Habeas sa a?

Se pou petisyon habeas yo depoze nan tribinal distrik federal lan ki gen jiridiksyon (sa vle di ki gen kontwòl) sou prizon oubyen sant detansyon kote yo detni ou. Sa vle di genyen yon tribinal byen presi kote ou dwe depoze petisyon habeas lan, e nou mete avèk lèt sa a yon lis sèten tribinal sa yo.

5. Kijan pou mwen sèvi ak Petisyon Habeas *pro se* an?

Gen plizyè liy ki pa gen anyen ekri sou yo: se pou ou ekri enfòmasyon yo so liy sa yo anvan ou remèt petisyon sa a nan tribinal federal lan. Kounyè a nou pral eksplike kijan pou ou ranpli sèten pati nan papye an.

- **Paj Kouvèti (paj 1):**

Idantifye Tribinal Distrik Federal ou:

Anwo nèt sou paj lan, se pou ou mete non tribinal distrik federal ki gen otorite sou sant detansyon kote ou ye an, e se pou ou ekri ki kote tribinal sa a ye tou. Pou lokalize tribinal distrik ou, chèche eta kote ou detni an sou list ki akonpaye lèt sa a, “Adrès Tribinal Distrik Federal pa Sityasyon Jeyografik,” jwenn tribinal distrik ki nan vil ki pi pre sant detansyon ou, e gade wè nan ki pati eta an li ye; se sa yo rele yon “Distrik.” Sou liy kote yo mande enfòmasyon sa a, ekri non tribinal lan e non diskrik jeyografik lan.

Paregzanp, si se nan zòn Baton Rouge, Louisiana ou detni, tribinal distrik ou an se nan “Middle District of Louisiana” li ye.

Tit Ka an

Tit ka an, ki ekri anwo a goch sou paj lan, idantifye pati yo nan afè an: oumenm, e moun ki responsab detansyon ou an (ofisyèl kap detni ou yo rele “Defandè”). Idantifye tèt ou: ekri non ou anwo paj lan e mete nimewo etranje (ann angle Alien) oubyen A# ou a dwat. Apre sa, ekri non Defandè yo pou sant detansyon ou: Direktè Biwo Lokal lan pou sant detansyon ou, e – si yo kenbe ou nan yon prizon konte (county) – mete non Sheriff konte an e non konte kote prizon an ye.

Pandan ou gen non toulede Defandè yo sou lamen, pwofite pou ekri non yo nan paj 5, paragraf 12 e 13. Si se pa nan yon prizon konte yo kenbe ou, bife paragraf 13 byen klè pou yo ka wè ou bife li.

- **“Epwizman rekou administratif” (paj 3)**

Nan paj 3, paragraf #4, ou dwe mete si ou “resevwa lòd pou yo depòte ou nan men yon Jij Imigrasyon oubyen Konsèy sou apèl nan afè imigrasyon (mete yon won otou youn nan de opsyon sa yo).”

Si ou pat fè apèl lè yo voye lòd depòtasyon ou an, mete yon won otou “Jij imigrasyon” epi ekri dat lòd depòtasyon an. Men, si ou pa fin konnen si ou fè apèl lè yo voye lòd depòtasyon ou an, oubyen si apèl la “final” (fini), ou kapab kontakte Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon nan nimewo (800) 898-7180 pou ou kapab konnen nan ki dat apèl ou an vin finalize. Si ou fè apèl lè jij la fin rann desizyon li, silvouple mete yon won otou “Konsèy apèl pou afè imigrasyon” e mete dat kote apèl la vin final.

Sou paj 6, paragraf #18, mete menm dat sa a ki di ki lè yo te pase lòd pou depòte ou.

- **Desizyon sou kesyon detansyon (paj 4)**

Jan nou eksplike deja, ou kapab mande yon “revizyon sou ka detansyon” anvan ou depoze petisyon habeas lan pou konnen si ICE pral libere ou akòz de sa ki gen nan dosye ou. Si ou deja mande yon revizyon detansyon ou, sou paj 4, paragraf #7, mete yon won otou “yon demand fèt pou revizyon detansyon.” Si ou deja resevwa rezilta revizyon ka detansyon ou an, mete yon won otou lòt opsyon an.

- **Kowoperasyon ak ICE nan Depòtasyon (paj 7)**

Yo mande pou ou idantifye kilès nan dispozisyon sa yo (a,b,c oubyen d) ou pran pou kowopere ak ICE nan depòtasyon ou. Mete yon won otou dispozisyon ou pran e bay detay si yo mande pou ou fè sa.

6. Kijan pou mwen voye kèk pyès avèk Petisyon Habeas mwen an?

Pyès se sa ki bay tribinal lan kèk prèv pou demontre evenman ou rakonte nan habeas corpus lan se la verite. Si pou chak dokiman ki swiv yo – si ou pran tout dispozisyon sa yo e ou resevwa yo – se pou ou voye kopi avèk petisyon an (GADE ORIJINAL DOKIMAN YO E VOYE KOPI SÈLMAN); mete yo nan fen petisyon habeas ou an e mete yo ann òd. Se pou ou ekri byen klè pou tout moun kapab wè “Pyès A,” “Pyès B,” “Pyès C,” e latrize nan kwen anba premye paj chak pyès la yo:

- Kopi dènye lòd depòtasyon ou an → Pyès A; li parèt nan paj 3.
- Kopi nenpòt desizyon pou detèminen ka ou an OUBYEN kopi lèt Desizyon sou Detansyon ou voye bay ICE (nou pale de sa nan kesyon #2 pi wo an) → Pyès B; li parèt nan paj 4, paragraf 7.
- Kopi tout lèt ki adrese bay konsila ou kote yo mande pou yo emèt dokiman pou pèmèt ou vwayaje, ranpli yon papye ofisyèl pou mande dokiman pou pèmèt ou vwayaje oubyen ki remèt ofisyè depòtasyon ou an nenpòt dokiman ki pou pèmèt yo depòte ou. Si moun nan fanmi ou remèt ofisyè depòtasyon ou an oubyen konsila a enfòmasyon sa yo pou ede ou, menm si yo pat reyisi kontakte pèsonn moun, ekri sou yon fèy papyè ki efò fanmi ou fè nan sans sa a. → Pyès C, Pyès D, e latrize; ki parèt nan paj 7, nan paragraf 22.

Si ou pa gen okenn nan dokiman sa yo paske ou pat pran dispozisyon sa yo, donk se pou ou bife mo sa yo: “atache kòm Pyès ___” (ann angle “Attached as Exhibit(s) _____”) sou paj yo bay pou dokiman sa a.

7. Kijan pou mwen avèti Avoka Defandè yo ke mwen fè yon Petisyon Habeas Corpus e kòman pou mwen depoze Petisyon an?

Sou paj 24, nan premye espas ki la pou mete yon adrès, ekri adrès biwo U.S. Attorney (Avoka Lezetazini) pou tribinal kote wap depoze petisyon habeas ou an. Nan dezyèm espas ki la pou mete yon adrès, ekri tribinal distrik federal lan kote wap depoze petisyon an.

Anvan ou voye petisyon ou an nan lapòs: Fè twa (3) fotokopi petisyon habeas ou an e 3 kopi tout pyès yo tou. Orijinal ou ekri sou li an, se pou ou voye li nan lapòs bay “Clerk of Court” (Grefye) nan tribinal distrik kote wap depoze petisyon ou an (dezyèm adrès ki sou paj 24 petisyon ou an), e mete avè l yon chèk oubyen yon manda (money order) pou \$5.00 nan non “Clerk, U.S. District Court.”

Si ou pa gen lajan pou peye \$5.00 an, ou kapab ranpli yon papye ki rele “In Forma Pauperis” (nou mete yon kopi avèk dokiman sa yo) alaplas chèk oubyen manda a.

Si ou gen yon moun nan fanmi ou oubyen yon zanmi ki kapab peye \$5.00 an, ou kapab depoze petisyon an dabò. Answit, apre yon semenn konsa, ou pral resevwa yon resi ki soti nan tribinal lan pou konfime ke petisyon ou an depoze. Ou pral resevwa avèk resi an **nimewo ka ou an**. Lè sa a ou mèt voye chèk oubyen manda a ke zanmi oubyen fanmi ou ba ou e se pou ou ekri nimewo ka a sou devan chèk lan.

Kenbe yon kopi petisyon ou an pou dosye paw.

Ou mèt voye yon kopi petisyon habeas ou an nan lapòs bay: Sunita Patel, Center for Constitutional Rights, 666 Broadway, 7th Fl., New York, NY 10012. Menmsi nou pa kapab reprezante ou kòm avoka nan petisyon habeas ou an, nou espere tande si petisyon ou an te reyisi ou pa.

8. Kisak pral pase apre mwen fin depoze Petisyon Habeas mwen an?

Nan yon semenn konsa, ou dwe resevwa yon “Lòd” (“Order”) ki soti nan tribinal lan e ki di ofisyèl imigrasyon yo (“DHS”) se pou yo reponn a petisyon ou an anvan yon sèten dat.

Si ou pa resevwa Lòd sa a, se pou ou ekri yon lèt, ki gen sou li nimewo ka ou an, bay tribinal lan pou mande yo voye Defandè yo montre pou ki rezon rekeran an ki depoze petisyon an pa dwe libere imedyatman soti nan detansyon DHS. Ekri ann angle: “Please issue an order to Respondents to show cause why Petitioner should not be immediately released from DHS’s custody.” (Note: Rekeran an (ou ann angle Petitioner) se OUMENM.)

Si ofisyèl imigrasyon Etazini yo pa reponn disi dat ki endike sou Lòd lan, ou dwe ekri tribinal lan, e mete nimewo ka ou an sou lèt lan, pou di yo ofisyèl imigrasyon DHS yo pa obeyi lòd tribinal lan e pou mande yo akòde petisyon habeas ou an pou yo libere ou. Ekri ann angle: “DHS failed to comply with the court’s order, and I request that my habeas petition be granted.”

Sonje byen pou ou kenbe kopi tout sa ou resevwa nan men tribinal la ou byen nan men Defandè yo.

9. Mwen resevwa yon repons nan men DHS/ICE. Alèkile, kisa pou mwen fè?

Si DHS bay petisyon ou an yon repons, yo pral akòde ou yon tan pou ou reponn. Nan repons ou se pou ou di tribinal la konsa:

- 1) DHS pa reyisi depòte ou tounen ann Ayiti;
- 2) *(si se la verite nan ka pa ou)* ou detni depi plis pase si (6) mwa apre DHS fin voye lòd final pou depòtasyon ou: e
- 3) Pa gen yon posibilite solid pou yo kapab depòte ou tounen ann Ayiti nan yon avni ki pwòch.

Ou pa dwe pale ak pèsonn de kisa ou gen entansyon fè apre yo fin libere ou.

10. Kisa ki pral pase si ICE deplase m nan yon lòt sant anvan mwen resevwa yon desizyon sou Petisyon mwen an?

Si DHS deplase ou nan yon lòt sant, se pou ou enfòm tribinal lan imedyatman pou ou kapab kontinye resevwa nan lapòs tout komunikasyon ki gen rapò ak ka ou an. Si yo deplase ou, se pou ou voye bay tribinal lan yon papye ki endike ou chanje adrès e yon kopi menm papye sa a bay biwo Avoka Etazini an (U.S. Attorney's office). Biwo sa a se nan premye adrès ou te ekri sou paj 24 petisyon ou an.

11. Anpil semenn pase e mwen pa resevwa anyen. Kisa poum fè alèkile?

Nòmalman, jij tribinal distrik lan voye yon desizyon nan kèk semenn. Men si ou pa resevwa yon desizyon nan kèk semenn, ou dwe ekri jij lan e mande yon desizyon nan men li.

Si jij la pa admèt ka ou an, ekri nou yon lèt e eksplike nou kisa ki rive e nou pral wè si nou kapab fè yon bagay.

Nou espere enfòmasyon sa a itil ou e nou swete ou reyisi ak petisyon an. Se Center for Constitutional Rights ki prepare tout dokiman sa yo pou ou kapab enfòm sou dwa ou e aji sou yo. Nou pa kapab reprezante detni ayisyen men nou espere enfòmasyon sa yo kapab itil.

Mwen salye ou,

Sunita Patel, Avoka nan Pèsonèl lan
Shirley Lin, Estajyè
Center for Constitutional Rights
666 Broadway, 7th Floor
New York, NY 10012